

SS.7.C.3.6

Evalye dwa konstitisyonèl yo ak enpak yo sou moun yo ak sosyete a.

SS.7.C.3.6 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4: Elèv yo pwal evalye enpak gouvènman an genyen sou fason yo kenbe ak/oswa jan de restriksyon ki genyen sou dwa konstitisyonèl moun yo.

Zansèt yo te konnen plis tan ap pase ke bezwen piblik la ta kapab chanje. Nan Konstitisyon an, yo te bay gouvènman an abilite pou ni pwoteje oubyen limite **dwa moun yo**. Travay gouvènman an se pou pwoteje yo tou de Konstitisyon an ansanm ak **enterè piblik** la.

Gen kèk moun ki tap boulvèse tèt yo nan panse ke si yo ta twò pwoteje enterè piblik sa ka fè dwa moun mal. Gen lòt tou ki tap trakase tèt yo e panse ke pwoteje dwa moun twòp ka deranje enterè piblik la.

Dwa endividyèl - dwa ki garanti byen oswa bagay ki pou yon moun

enterè piblik - benefis ki komen, benefis jeneral piblik la

Zansèt Fondatè yo – reprezantatif yo ki soti nan chak 13 koloni yo ki te patisipe nan redaksyon Deklarasyon endepandans ak konstitisyon peyi Etazini an